

POUKISA POU MWEN PRAN VAKSEN AN?



Pran Vaksen an se pi bon bagay pou pwoteje nou kont COVID-19 la. Vaksinasyon an:

- Ap ban nou pwoteksyon kont COVID-19 la ak tout konplikasyon grav li ka poté yo, konplikasyon ki ka touye nou
- Anpeche virus la ak pandemi an blayi nan peyi an
- Fè wè ki jan nou ka retounen nan lavi nòmal

KOUMAN VAKSEN YO MACHE?



Vaksen yo aprann kò a ki jan pou li reyaji lè li vin an kontak ak yon virus: yo di li ki jan pou li defann tèt li, yo eksplike li byen, yo antrene li oswa yo ba li enstriksyon klè.

Kèk nosyon kle:

Chak virus gen yon ti pati ki se afè pal: antijèn lan. Antijèn lan aji kòm yon siyal avètisman: li di sistèm iminitè a ke li lè pou li defann tèt li.

Kòm repons, sistèm iminitè a pwodui pliziè antikò ki gen pou djøb pou touye virus la. Antikò yo resevwa fòmasyon pou yo rekonèt epi reyaji an fas yon virus patikilye.

Lè kò a kontre bab pou bab ak yon virus pou la premye fwa, sistèm iminitè a ka pran tan pou li reponn. Vaksen yo anpeche reta a paske yo prepare epi ranfòse sistèm iminitè a.

A KI SA 2ÈM DÒZ VAKSEN YO SÈVI?



Dezyèm dòz vaksen COVID-19 yo (Pfizer-BioNTech, Moderna ak AstraZeneca-Oxford) sèvi kòm yon rapèl pou sistèm iminitè a. Li gen pou objektif pou prolonge memwa iminitè a ak pwoteje kò a kont virus la alontèm.

Vaksen yo an aksyon:

De kalite vaksen apwouve nan Kanada.

Pfizer-BioNTech ak Moderna devlope **2 vaksen ki gen sa yo rele mesaje RNA** (mRNA).

Vaksen sa yo gen ladan yo materyèl jenetik (mRNA) ki prezante bay sistèm iminitè a yon modèl ki pèmèt li (1) pwodwi antijèn lan ak (2) deklanche defans li yo, sa vle di yon repons iminitè. Yo aji kòm yon manyèl enstriksyon

AstraZeneca-Oxford ak Janssen (Johnson ak Johnson) devlope **2 vaksen avek vektè viral**

Vaksen sa yo genyen yon vèsyon kontwole, ki pa aktif e ki pa koze domaj; vèsyon virus sa a pèmèt sistèm defans iminitè a reyaji: yo pwodwi antikò ki kapab rekonèt virus la ak netralize li. Yo aji tankou "yon pratik": yo montre kò a kouman poul defann tèt li.

Tou de kalite vaksen yo bay kò a yon opòtinite pou aprann kijan pou defann tèt li. Yon fwa yon moun pran vaksen an, sistèm iminitè li sonje virus la. Li pare e li konnen kijan pou li batay avèk li.

KI JAN POU NOU CHWAZI?

Kounye a yo ofri Vaksen ak ARNm yo (Pfizer-BioNTech, Moderna) anvan lòt vaksen yo paske yo te remake plizyè ka efè segondè trè ra men grav ke lòt vaksen yo bay. Menm si risk sa yo rete piti pou vaksen ak vektè viral yo (AstraZeneca-Oxford, Janssen / Johnson ak Johnson), li enpòtan ak lejitim ke tout moun ka mezire risk ak avantaj pou yo chwazi vaksen ke yo kwè ki bon pou yo. Chak moun gen dwa deside pran vaksen an ou byen pa pran'l e li gen dwa chwazi ki kalite vaksen li panse ki bon pou li.

Vaksen kont COVID-19 yo gratis ak aksesib pou tout moun, selon gwoup yap vaksine nan moman an, kèlkeswa estati yo, avèk oswa san yon kat RAMQ. Yo pa obligatwa, men rekòmande.

Si ou gen kesyon sou vaksinasyon:

quebec.ca/vaccinCOVID
(franse / angle).

Pou pran yon randevou pou pran vaksen an:

Portail Clic Santé:
portal3.clicsante.ca
oswa rele
1 877 644-4545

Fich sa yo te kreye ak valide nan kolaborasyon avèk ekip Doktè Arnaud Gagneur



KI SA KI YON VAKSEN EFIKAS ?

Efkasite nan yon vaksen se kapasite li nan pwoteje kont maladi, sa vle di, li anpeche sentòm yo devlope. Alafen, yon vaksen efikas anpeche moun entèn lopital ak mouri.

Yon vaksen efikas a 95% vle di ke sou 100 moun ki pran vaksen an, 95 nan yo pa pral trape maladi a, kidonc yo pa pral devlope sentòm yo non plis

! \ Pwoteksyon vaksen yo ofri a pa fèt touswit. Kò a bezwen apeprè de semèn pou li reyalize pwoteksyon maksimòm, sa vle di, pou sistèm iminitè a pare pou goumen kont virus la. Yo konnen ke vaksen an vreman efikas 14 jou apre vaksinasyon an.

ÈSKE DIFERAN VARYAN NAN KORONAVIRUS LA TA KA DIMINYE EFIKASITE VAKSEN YO?

Lè yon virus sibi plizyè chanjman li vin bay sa yo rele yon Variant (varyan). Developman varyan yo rantre nan evolisyon nòmal yon virus. Virus ki responsab COVID-19 la deja gen plizyè varyan epi li pral devlope lòt anko, tankou grip la (ki mwens danjere ke COVID-19 la), ke influenza koze. Se poutèt sa, vaksen yo bay chak ane kont grip la se pou pwoteje kont differan varyan virus sa. E de yon ane a yon lòt, rezulta yo chanje. Pou kounye a, an gwo vaksen yo sanble yo efikas kont varyan COVID-19 la, menm si pwoteksyon yo bay la kapab pa menm pou tout Variant yo. Yap fè etid pou konnen ki kantite pwoteksyon chak vaksen bay kont varyan COVID-19 yo.

ÈSKE VAKSEN YO SAN DANJE?

WI. Sante Kanada apwouve vaksen kont COVID-19 yo e jwenn ke yo san danje. Plizyè dizèn milyon moun te pran yon vaksen atravè mond lan e san gwo konsekans.

Malgre ke developman vaksen yo te akselere, vaksen yo te pase nan tout etap nesesè yo anvan yo te apwouve epi yo te sibi menm control kalite ak sekirite tankou nenpòt ki lòt vaksen yo itilize nan Kanada. Ekspè yo swiv séré séré nenpòt sa ki enderizab ki ta ka rive apré vaksinasyon an.



KOUMAN DEVELOPMAN VAKSEN YO KA FÈT VIT KONSA?

Yon priyorite nan tout peyi yo

Pandemi COVID-19 la te frape ak tout fòs li e li te koze gro dega atravè le mond antye. Se poutèt sa yo te oblige bay priyorite a developman vaksen yo nan tout peyi yo.

Gwo pote kole pou esè klinik yo

Yo rive realize esè klinik vaksen sa yo pi vit pase lòt vaksen yo. Plizyè dizèn milye moun te enskri byen vit pou yo patisipe nan esè klinik vaksen yo, alòs ke anjeneral nou bezwen 12 a 18 mwa pou nou rekrite yon ti kantite nan moun sa yo pou lòt vaksen yo.

Finansman ki disponib

Konpayi famasetik yo te pran gwo risk finansye e byen bonè yo te kòmanse envesti gwo lajan nan fabrikasyon vaksen yo an gran kantite, se konsa pa te gen okenn reta ant fen esè klinik yo e pwodiksyon vaksen yo pou yo ka deplwaye yo.

Efò rechèch san parèy

Dè milye de syantifik atravè le mond te kontribye nan efò rechèch la.

Mobilizasyon ekip rechèch yo ak kreyasyon patenarya publik-prive te fasilitate ak akselere developman, fabrikasyon ak distribisyon vaksen yo.

Rechèch ki te fèt anvan sou koronavirus yo, vaksen avèk mRNA e vaksen ak vektè viral yo

Yo te etidye anpil iminitè kont koronavirus yo nan kad epidemi pase yo (SARS-CoV nan 2003 ak MERS-CoV nan 2012). Se poutèt sa nou deja gen konesans nan reyakson iminitè a kont koronavirus yo. Anplis de sa, chèchè yo ap travay sou:

- Vaksen ak mRNA pou plis pase 20 ane. Vaksen MRNA yo te teste sou moun, ki gen ladan vaksen kont virus Zika ak virus grip la.
- Vaksen ak vektè viral pou plis pase trant ane. Yo te devlope nan 2 zòn: vaksen kont-kansè ak vaksen kont-enfeksyon.

Vaksen kont COVID-19 yo gratis ak aksesib pou tout moun, selon gwoup yap vaksine nan moman an, **kèlkeswa estati yo, avèk oswa san yon kat RAMQ**. Yo pa obligatwa, men rekòmande.

Si ou gen kesyon sou vaksinasyon:

quebec.ca/vaccinCOVID

(franse / angle).

Pou pran yon randevou pou pran vaksen an:

Portail Clic Santé:


portal3.clicsante.ca

oswa rele

1 877 644-4545



KISA VAKSEN YO GENYEN?



Vaksen ke Pfizer-BioNTech ak Moderna devlope yo gen ARNm avek lòt engredyan ki pa medikal tankou grès, sèl, sik ak dlo.

Vaksen ke AstraZeneca-Oxford ak Janssen (Johnson ak Johnson) devlope gen yon vèsyon kontwole ak inofansif nan viris la, sik, sèl ak pwodwi pou fixe kap ede vaksen an travay pi byen.

Wòl nan engredyan ki pa medikal:

Grès yo ede ARNm antre nan selil yo. Grès yo **pa gen orijin bét**, yo pwodwi nan laboratwa oswa ekstrè nan plant yo.

Sèl yo ede vaksen an antann li ak selil kò nou kote li ap antre a.

Sik yo ede konsève vaksen an pandan ke li nan frizè a.

Dlo a itilize pou piki a.

Estabilizan yo ede kenbe engredyan yo ansanm: yo anpeche eleman vaksen yo separe epi rete kole sou flakon vaksen an. Pa egzanp, yo pèmèt engredyan ki fèt ak lwil melanje ak sa ki fèt avèk dlo.

Vaksen yo pa gen okenn pwodwi ki soti nan kò moun oswa nan ko bét. Yo pa gen antibiotik, prezèvatif, oswa alèjèn tankou latèks, lèt, glitèn, elatriye.

KI PWOBLEM (EFÈ SEGONDÈ) VAKSEN YO KA BAY?



Sentòm ke nou ka santi apre nou fin pran vaksen an yo klasik: yo sanble ak pa lòt vaksen yo.

- Sentòm lejè**

Doulè kote yo te pike a, maltèt, fatig, lafyèv oswa frison, doulè nan misk oswa jwenti

- Sentòm modere (mwens pase 10% nan ka yo)**

Fatig grav, lafyèv, dyare, kè plen, maltèt

- Sentòm grav (mwens pase 1% nan ka yo)**

Reyakson alèjik ak newolojik

Sentòm lejè oswa modere yo anjeneral disparèt apre 1 oswa 2 jou. Yo pa anyen devan konplikasyon grav ki menase lavi nan COVID-19 la.

Prezans sentòm sa yo montre ke kò a ap prepare li pou li goumen ak maladi a: yo montre ke vaksen yo ap travay.

Pwoblèm grav yo trè ra. Lè yon reyakson alèjik rive, se anjeneral nan kèk minit apre vaksinasyon an epi li trete touswit. Se poutèt sa ou pa kite lokal vaksinasyon an touswit apre ou fin pran yon vaksen.

ÈSKE VAKSEN YO KA LAKÒZ COVID-19?



NON. Vaksen pa ka lakòz COVID-19 paske yo pa gen koronaviris ki lakòz maladi a.

Vaksen kont COVID-19 yo gratis ak aksesib pou tout moun, selon gwoup yap vaksine nan moman an, **kèlkeswa estati yo, avèk oswa san yon kat RAMQ**. Yo pa obligatwa, men rekòmande.

Si ou gen kesyon sou vaksinasyon:

quebec.ca/vaccinCOVID
(franse / angle).

Pou pran yon randevou pou pran vaksen an:

Portail Clic Santé:
portal3.clicsante.ca
oswa rele
1 877 644-4545



KI MOUN KI KA RESEVWA VAKSEN COVID-19?



Tout popilasyon an kapab pran vaksen kont COVID-19 la. Vaksinasyon rekòmande kòm yon priorite pou moun ki gen pi gwo risk pou konplikasyon soti nan COVID-19.

Vaksen yo san danje pou:

- Granmoun aje ak moun ki soufri dyabèt ak tansyon wo.
- Moun ki soufri epatit B, C oswa VIH
- Moun ki gen maladi senyen oswa ki pran antikoagulan
- Moun ki soufri alèji a sèten manje, a piki sèten ti bèt, medikaman oswa anviwònman depi yo pa fè alèji ak yon engredyan ki nan vaksen an.

ÈSKE MWEN KA SISPANN SWIV MEZI SANITÈ YO APRE MWEN FIN PRAN VAKSEN MWEN AN EPI RETOUNEN NAN LAVI NÒMAL?

NON menm si vaksen kont COVID-19 la ki apwouve nan Kanada yo efikas, yo pa pwotejew tou swit. Yon moun ki te an kontak ak virus la jis anvan li te pran vaksen an oswa nan 14 jou apre ke li pran vaksen an ka genyen COVID-19 la. Anplis de sa, plizyè mwa ap nesesè pou pwoteje yon bon pati nan popilasyon an. Se poutèt sa li enpòtan pou yo kontinye swiv mezi sanitè yo mande yo.

ÈSKE YON MOUN KI DEJA GEN COVID-19 KA PRAN VAKSEN AN?

WI. Li rekòmande pou pran vaksen an pou ka pwoteje pi lontan. Si yon moun ki te deja gen COVID-19 pran vaksen an li pa gen plis risk pou vaksen an bal pwoble.



ÈSKE TIMOUN AK FANM ANSENT KA PRAN VAKSEN AN?

Kanada otorize Vaksen Pfizer-BioNTech la pou tout moun a pati 12 zan. Talè konsa nan Quebec yap kòmanse Vaksinen moun komanse nan 12 zan rive nan 17 an. Jis kounye a poko gen ase enfòmasyon ki pou pèmèt yo deside vaksinen timoun ki poko gen 12 zan.

Pou fanm ansent yo, li rekòmande pou yo vaksinen paske dapre dènye enfòmasyon yo si yo trape COVID-19 la yo gen anpil risk konplikasyon. Yo pi pito Vaksen ak ARNm yo paske gen plis enfòmasyon sou yo ki di ke yo gen plis sekirite. Nou ankouraje fanm ansent yo pou yo pale ak pwofesyonèl swen sante yo pou yo sa konnen ki risk COVID-19 la genyen pandan gwosès la e pou yo gen plis enfòmasyon sou avantaj ak risk vaksen an.



ÈSKE VAKSEN KA FÈ FANM PA KA FÈ PITIT?

NON. Dapre sa nou konnen kounye a, pa gen okenn prèv ki di ke vaksen COVID-19 la ka lakòz yon fanm pa ka fè pitit



ÈSKE VAKSEN YO KA CHANJE ADN LA?

NON. Pa gen okenn risk pou vaksen yo chanje jèn yo. Vektè viral la oswa ARNm ki nan vaksen yo pa antre nan nwayo selil kote ADN nan ye. Anplis de sa, ARNm nan degrade trè vit apre piki vaksen an epi li disparèt.



Vaksen kont COVID-19 yo gratis ak aksesib pou tout moun, selon gwoup yap vaksine nan moman an, **kèlkeswa estati yo, avèk oswa san yon kat RAMQ.** Yo pa obligatwa, men rekòmande.

Si ou gen kesyon sou vaksinasyon:

quebec.ca/vaccinCOVID
(franse / angle).

Pou pran yon randevou pou pran vaksen an:

Portail Clic Santé:
portal3.clicsante.ca
oswa rele
1 877 644-4545



informer • protéger • soutenir
inform • protect • support